MUBATANIDZWA WE*ARIPO* WEKUDZIVIRIRWA KWEMHANDO DZEMBEU MUAFRICA

Makore mashoma apfura munyori mukuru uye nhengo gumi nepfumbamwe dze*African Regional Intellectual Property Organisation (ARIPO)* vaiumba mubatanidzwa wemutemo unonzi ***'Protocol on Plant Variety Protection'*** *(PVP).* Mutemo uyu uri maererano ne *UPOV 1991** wakatanga kushanda kuArusha, muTanzania muna July gore ra2015.



Mutemo we *'ARIPO PVP'*

- unotungamidza nzira dze *PVP* pamberi idzo dzinokoshesa vatengesi vembeu dzakauchikwa, uye unodzvanyirira kodzero dzevarimi kuti vashandise zvakasununguka mbeu, kuchinjana kana kutengesa mbeu dzavanenge vakachengeta
- mutemo uyu unopa masimba Hofisi ye*ARIPO* kodzero dzakasimba kumakambani makuru anouchika mbeu *(PBRs)*
- kodzero idzi dzinoshanda kunyika dzose dziri nhengo dze*ARIPO*
- zvinoita nyore zvakare kuti makambani anoita zvembeu ekunze agone kutora nzira dzinoshandiswa muAFRICA kugadzira mbeu uye kushandisa mhando dzembeu dzinowanikwa muAfrica zvisiri pamutemo, uye kuchinja mutemo we*PBR* nemashandiro ayo.

Mutemo uyu unobvisa masimba ehurumende mukudzivirira kodzero dzevarimi pamusoro pemhando dzembeu dzinenge dzakachengetedzwa. Mutemo uyu haucherechedzi nzira dzakasiyana siyana dzevarimi vadiki pakuchengetedza kwavanoita mbeu dzavo kana kukosha kwembeu dzemuAfrica. Nzira dzakashandiswa pakuumba mutemo uyu dzakange dzisina kuvimbika uye kujeka, uye waisasanganisira varimi pakuumbwa kwawo, asi wakaumbwa uchisanganisira makambani anouchika mbeu nevamwewo vekunze.

Kuti kodzero dzevarimi dzidzivirirwe, nyika dziri nhengo dze*ARIPO* hadzifaniri kusainira mutemo uyu. Kana *ARIPO PVP Protocol* ikasainwa chete zvobva zvareva kuti nyika dziri nhengo nevarimi votoutevedza.

* *UPOV 1991* mutemo wepasi rose wakaumbwa nevauchiki vembeu wekuEurope vachiitira kurima kukuru kunokoshesa kunoshandisa mafetireza nemishonga.

african centre for biodiversity
www.acbio.org.za info@acbio.org.za Tel +27 (0)11 486 1156

duducoelho.com